

Sekirite elektrik

Limèn yon limyè avèk entèripte. Ploge yon kafetyè elektrik. Mete yon òdinatè laptop chaje nan kouran elektrik. Pifò nan nou abitye avèk bagay sa yo. Elektrisite fè lavi nou vin pi fasil. Men, nou dwe pran anpil prekosyon epi toujou panse ak sekirite nou.




KÈK KONSÈY SOU SEKIRITE

- » Mande yon elektrisyen kalifye fè tout travay elektrik yo.
- » Lè w ap achte yon kay oswa lè w ap modènize youn, fè yon elektrisyen kalifye enspekte li.
- » Ploge yon sèl aparèy menaje ki pwodui chalè (tankou kafetyè, tostè, aparèy chofaj, elatriye) nan yon priz-kouran alafwa.
- » Ou ta dwe ploge aparèy menaje prensipal yo (frijidè, sechwa, machin lesiv, fou, è-kondisyone, elatriye) dirèkteman nan yon priz-kouran ki nan mi a. Ou pa ta dwe itilize ralonj ak konektè rakòdman.
- » Disjonktè ak elektrik (Arc fault circuit interrupters, AFCI) yo se yon kalite disjonktè ki fèmen kouran elektrik la lè gen yon sitiasyon ki danjere. Anvizaje mande yon moun enstale yo lakay ou. Itilize sèvis yon elektrisyen kalifye.
- » Itilize disjonktè diferansyèl ki anpeche kouran ale atè (ground fault circuit interrupters, GFCI) pou redui risk pou gen dechaj elektrik. GFCI yo fèmen yon sikui elektrik lè li vin danjere epi kote li ka bay yon dechaj elektrik. Ou ta dwe enstale yo andedan lakay ou, nan twalèt yo, nan kuizin yo, nan garaj yo ak nan sousòl yo. Tout priz-kouran deyò yo ta dwe pwoteje avèk GFCI.
- » Teste AFCI yo ak GFCI yo yon fwa pa mwa pou asire w yo fonksyone kòrèkteman.
- » Tcheke file kouran yo pou asire w yo pa pase atravè papòt yo oswa anba kapèt yo. Ralonj yo la pou itilize pou yon ti tan sèlman. Fè yon elektrisyen kalifye ajoute plis priz-kouran pou ou pa oblije itilize ralonj yo.
- » Itilize anpoul ki annamoni avèk puisans elektrik ki endike sou anpoul la oswa sou lanp kote w ap vise anpoul la. Ta dwe gen yon papyè otokolan ki endike anpoul puisans maksimòm pou itilize.

PWEN EMPÒTAN POU SONJE

Rele yon elektrisyen kalifye oswa mèt kay ou si ou gen:

- Pwoblèm souvan avèk fizib k ap griye oswa avèk deklanchman koup-sikui
- Yon sansasyon pikotman lè ou manyen yon aparèy menaje ki fonksyone avèk kouran elektrik
- Priz-kouran nan mi ki dekolore oswa ki cho
- Yon odè bagay k ap boule oswa yon odè kawoutchou k ap soti nan yon aparèy menaje
- Limyè k ap mouri-limen oswa k ap vin fèb
- Etensèl nan yon priz-kouran



www.nfpa.org/education



Sous enfòmasyon pou SEKIRITE ou | Divizyon Edikasyon Piblik NFPA • 1 Batterymarch Park, Quincy, MA 02169